

DEPI 15 DESANB ,
YON BATAY MARE LAN KATYE LASALIN AK FOTOURON

KOTE DE GANG AP GOUMEN
KOTE POPILASYON LASALIN AK FO FOURON
AP MONTE MON PA DO.

Vandredi 31 lan mwa desanb lane 2004 :

**Men yon kominike divès òganizasyon
kap goumen pou dwa moun tabli lan peyi dayiti fè soti prese prese**

Ane 2004 la, ki se ane 200 zan endepandans peyi dayiti, fini nan yon batay kote gang yo ap goumen youn ak lòt,. kote se moun ki pi pòv yo nan katye popilè yo ki viktim tout kalite vyolans. *Selon temwayay moun Lasalin ak Fo Tournon*, se konsa, depi 15 desanb rive dat jodi a, 31 desanb, 2 gwoup gang nan katye Lasalin ak Fò Tournon, responsab **lanmò 18 moun, san konte sak blese. Lan maten 15 desanb lan, se 7 blese ak bal** ki te rive lopital general. Pase **500 fanmi blije kouri kite kay yo** san yo pa gen okenn lòt kote pou yo rete.

Batay sa a, kote 2 gang ap goumen youn ak lòt montre ak lòt kijan mache ki anba lavil yo òganize ak kijan yap fonksyone.. Se misyon ak responsabilite Meri Pòtoprens pou yo chwazi yon komite 3 manm ak tout you kantite enspektè, kolektè taks, gadyen, ajan sekirite ki pou jere mache yo, ki pou ramase taks twa fwa chak semèn nan mache yo. Men, se pito gang yo ki gen nan men yo gwo zam fann fwa ki fè travay sa a, kote yo kenbe pou yo menm pi fò lajan yo reyisi ranmase lan men machann yo. Dapre sa tout temwen yo di, se konsa sistem mache yo ap fonksyone depi novanm 2001.

Lanmò **Wonal Kamiy**, tout moun konnen sou non **Wonal Kadav** ak lanmò **Wolan Franswa**, li menm, kite chèf lan fò Tournon,.te montre ak lòt zafè gang ki kontrole tout zòn Fò Tournon ak Lasalin. Jodi a, se **Franso Timama** ki chef nan Lasalin. Pou Fò Tournon li menm,jodia,chèf la se **Chal Alèks**, yo rele « **Adjouga** », ki te yon ajan USGPN. Se li ki responsab sekirite lan mache KwadèBosal la. .

Ensidonk, gen yon lagè ki deklare depi 15 desanm ki sòt pase a. Pa gen okenn otorite, kit se ta otorite lanmeri a, kit se ta polis nasyonal, oubyen ministè enteryè, ou byen ministè afè sosyal, san nou pa bliye otorite MINUSTAH yo, ki fè pyès jefò pou ta fè mesye sa yo

sispannn batay. Zòn lavil sa a, ou mèt di ki se poumon ekonomik Peyi a, chape nèt anba kontròl OtoriteLeta yo

Gang sa yo se mèt katye anba lavil la. *Moun ki temwen rakonte* kijan group sa yo ap opere yo touye, yo rache, yo mete dife, yo fe sa yo vle sou popilasyon sivil la ki lan men yo tankou otaj. Epitou gen youn ekip ki specialist nan rache kò moun yo kidnape, touye, vide asid sou figi yo, koupe tèt yo. Fanmi ki rete lan zòn lan depi lontan, oblije lan kache. Se pase plisyè santèn jèn, fanm, ti moun, pèsanaj, ki nan lari ap chache yon lòt kay yon lòt kote pou yo rete.

4 komisarya ki pi pwoch yo : Pòtay sen Josef, Lasalin, Kafeterya ak komisarya Palman an, pa janb fè anyen douvan sitiyoinsaa. Sak pi rèd, gen pawòl ki pale sou kijan kèk polisye ta lan konfyolo ak kriminèl sa yo.

Lan fen ane 2004 sa a, ki make 200 lane depi Ayiti lib ak endepandan, moun Lasalin ak Fò Touron ap viv yap mouri anba yon siklòn vyolans ak lan lanmò, kote nou wè otorite peyi a rete bouch fèmen, menm jan ak MINUSTAH san yo pa janm fè anyen pou regle pwoblèm sa a.

Tout òganizasyon ki siyen kominike sa a mande prese prese entèvansyon gouvèneman an pou li reponn rèl desespwa popilasyon LaSalin ak FòTouron, ki viktim tout kalite vyolans lan men gang ki gen gwo zam fwa lan men yo.

LIS OGANISASYON DWA MOUN KI SIGNEN KOMINIKE SAA

Sant Ekimeknik Dwa pou tout Moun (CEDH)----- *Jean-Claude Bajoux*

Koalisyon Nasyonal Pou Defans Dwa Ayisyen (NCHR)----- *Viles Alizar*

FANM YO LA----- *Lisa François*

Enstiti mobil pou edikasyon demokratik (IMED)----- *Ketty Julien*

ENFOMAMN----- *Myriam Merlet*

Sant kap apiye Jènn yo (CEDAJ)----- *Evans Lescouflair*

Platfòm Oganizasyon Ayisyen pou Defans Dwa Moun (POHDH)-- *Maxime Rony*

Oganizasyon ak Groupman ki ladan l :

- JILAP
- CRESFED
- NCHR
- ICKL
- SKL
- GAJ

- PAJ
- CORAL-CHR
- SAL-ODEPA